



Pataje istwa a



Aprann ti konsèy la

1. **Son moun y ap chèche:** Kòmanse pale sou pèsonaj prensipal la. Kimoun ki se moun santral la (oswa bèt) nan istwa a? Gen plis pase youn. Kisa moun sa a te vle?
2. **Men:** Answit pale sou kimoun oswa kisa ki te anpeche pèsonaj prensipal la jwenn sa li te vle a. Sa rele pwoblèm nan oswa *konfli* a
3. **Konsa- answit:** Finalman, pale sou fason pwoblèm nan te rezoud. Kisa ki te pase pèsonaj prensipal la? Èske sityasyon an te chanje? Èske li te fè yon bagay pou metrize pwoblèm nan?

Pou kisa ti konsèy sa a?

Ede pitit ou itilize men li pou fè rezime. Pa gen pwoblèm si pitit ou bezwen retounen nan imaj oswa paj yo pou sonje detay yo. Si ou pale sou liv la sa ap ede pitit ou konprann istwa a ak fason pati yo asosye ansanm. Plis—li amizan pou rakonte istwa ou te renmen!



Mande pitit ou

Pou timoun tout laj:

- [Son moun] Kimoun ki se pèsonaj prensipal la?
- [y ap chèche] Kisa pèsonaj la te vle?
- [Men] Kisa ki te pase? Kisa pwoblèm pèsonaj la te ye? Pou kisa pèsonaj la pa kapab jwenn sa li te vle a?
- [Konsa] Kisa ki te pase answit? Kijan pwoblèm pèsonaj la te rezoud?
- [Answit] Kijan istwa a te fini?

Ede timoun yo fè referans nan liv la depi ou poze kesyon tankou:

- Kijan ou konnen sa?
- Montre mwen mo ak ekspresyon ki ede ou konnen sa.
- Nan ki paj ou te aprann sa?



Pratike avèk kè kontan

Olye ou rakonte istwa a awotvwa, fè sa avèk imaj yo Ekri chak endikasyon yo (Somebody, Wanted, But, So, Then) sou yon fèy papye. Answit, envite pitit ou desinen yon imaj anba mo a.

Pa egzanp, pou “Somebody”. Pitit ou ta desinen pèsonaj prensipal la. Pou “Wanted”, pitit ou ta desinen sa pèsonaj la te vle oswa ki pwoblèm li te genyen.